



## Ki kote mwen ka abite?

Ou ka chwazi abite nan diferan kote. Sa gendwa se

- Kay ou a.
- Yon kay yon fanmi oubyen oumenm pwopriyetè oubyen lwe.
- Yon apatman.
- Yon milye kominotè kote viv pa plis pase kat moun san yo pa fanmi youn ak lòt. Oubyen
- Yon apatman avèk sèvis edan ki gen salon, chanm, saldeben, e kizin apa ; pòt ki ka klete ; e lòt karakteristik.

## Ki kalite èd mwen ka resevwa?

Yon moun ki deziyen, e ki rele yon jesyonè ka, pral ede w planifye e kowòdone sèvis ou bezwen. Ou pral aprann ki sèvis baze adomisil epi nan kominote a ki disponib. Ou pral aprann ki pwogram ajans nan eta a ou ka itilize. Jesyonè ka w la pral asire ou resevwa sèvis ou bezwen lè w nan kominote a.

## Kòman mwen ka konnen plis?

Pou gen plis enfòmasyon sou sèvis ou gendwa jwenn grasa demonstrasyon MFP a

- Sonnen nan (617) 573-1647 oswa (800) 841-2900, TDD / TTY : 711, oubyen
- Monte nan [www.mass.gov/MFPDemo](http://www.mass.gov/MFPDemo).

# Demonstrasyon lajan suiv moun lan



Eskane kòd QR la pou w gen plis enfòmasyon sou pwogram demonstrasyon MFP a.



Dokiman sa ekri nan kad sibvansyon CFDA 93.791 Ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik, Centers for Medicare & Medicaid Services. Sa ki make a pa nesèsman reprezante politik Ministè sante e sèvis sosyal Etazini Damerik la, e ou pa dwe fè lide gouvènman federal la aksepte sa.



## Kisa demonstrasyon lajan suiv moun lan ye?

Si w nan yon etablisman ki founi swen enfimye / enfimyè, lopital reyadaptasyon oubyen swen pou maladi kwonik, oubyen ou nan lòt etablisman kalifye

e w vle retounen nan kominote a, Massachusetts Money Follows the Person (MFP) Demonstration (Demonstrasyon lajan suiv moun lan nan Massachusetts) gendwa ede w retounen avèk soutyen e sèvis ou bezwen.



Demonstrasyon MFP a ka ede w

- Jwenn lojman pou w abite.
- Peye pou depo garanti, depo pou sèvis piblik, e premye mwa lokasyon.
- Peye pou frè demenajman, modifikasyon adomisil, jwenn mèb.
- Founi vesèl, kaswòl e pwelon, epi lòt atik menaje.



## Kòman demonstrasyon MFP a ka ede m retounen nan kominote a?

Si w nan yon etablisman swen enfimye / enfimyè, lopital reyadaptasyon oubyen swen pou maladi kwonik, oubyen lòt etablisman kalifye, demonstration MFP a ka ba w chwa kote w abite a epi resevwa sèvis nan kominote a.

Sipò ka gen ladan, men pa sèlman

- Jwenn lojman ki aksesib e abòdab.
- Peye pou frè demenajman.
- Peye pou depo garanti, depo pou sèvis piblik, e premye mwa lokasyon.
- Achte mèb pou kay la.
- Amelyore aksesibilite grasa modifikasyon nan kay la.
- Founi soutyen omològ.
- Achte teknoloji dasistans.
- Founi sèvis jesyon e ede jwenn lòt sèvis ki disponib.



## Kòman mwen ka resevwa sèvis demonstrasyon MFP mwen yo?

Pou kalifye pou sèvis demonstrasyon MFP, se pou w

- Nan yon etablisman ki founi swen enfimye / enfimyè oubyen nan lopital reyadaptasyon pandan omwen 60 jou konsekitif - sa gen ladan reyadaptasyon Medicare tou. Sa gendwa se yon lopital leta, etablisman ki founi swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl, oubyen yon lopital sikyatri ki kalifye..
- 18 an oubyen pi gran epi gen yon andikap OUBYEN gen 65 an oubyen plis.
- Yon manm MassHealth oubyen satisfè règ finansyè pou kalifye.
- Dakò pou ale abite nan yon rezidans ki kalifye pou MFP a nan kominote a. Sa gendwa gen ladan, retounen lakay ou.

